

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Dina bagian ieu dipedar ngeunaan hal-hal nu aya hubunganna jeung migawé panalungtikan nu dilakukeun ku panulis. Hal ieu diperlukeun pikeun ngadéskrripsikeun rangkay gawé panalungtikan panulis. Hal-hal nu dimaksud nya éta métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, populasi, sampel, cara meunteun jeung léngkah-léngkah garapan panalungtikan.

#### **3.1. Métode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.2.1. Métode Panalungtikan**

Faisal (1982: 40) nétélakeun yén métode panalungtikan dina widang pendidikan biasana sok ngagunakeun métode panalungtikan historis, déskriptif, jeung ékspériméntal. Métode panalungtikan historis digunakeun lamun urang nalungtik hal-hal nu geus kajadian. Métode panalungtika déskriptif digunakeun lamun urang hal-hal nu kajadianna ayeuna. Métode panalungtikan ékspériméntal digunakeun lamun urang hal-hal nu bakal kajadian saupamana aya variabel-variabel nu bisa mangaruhan kana naon nu ditalungtik.

Dumasar kana masalah jeung tujuan nu hayang kahontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Métode ieu ngabogaan corak ngadéskrripsikeun kaayaan data nu ditalungtik dina mangsa ayeuna sakaligus ngabéjérbéaskeun aspék-aspék nu jadi pueur dina panalungtikan. Hal ieu dikuatkeun ku pamadegan ahli nu nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif

nu bisa ngungkulan pasualan-pasualan nu aktual ku jalan ngumpulkeun data, nganalisis jeung nafsirkeun data (Surakhman, 1982:143). Saluyu jeung sifat métode panalungtikan déskriptif, panalungtika ieu dimaksudkeun pikeun ngadéskripsikeun sacara objéktif kamampuh siswa dina nulis éséy ngagunakeun téhnik 5W + 1H sabagé objék panalungtikan. Déskripsi kana éséy nu ditalungtik ku panulis disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan, nya éta nu aya hubunganna jeung: (1) basa, (2) eusi éséy, (3) téhnik dina nulis éséy jeung; (4) kamampuh nulis éséy ngagunakeun téhnik 5W + 1H. Ku sabab kitu, panalungtikan ieu mangrupa hiji akumulasi data dasar dina cara ngadéskripsikeun (Suryabrata, 1988) nya éta mangrupa kaayaan éséy nu dijadikeun objék panalungtikan dumasar kana tilikan panalungtik kana struktur, karakteristik, aspék kabahasaan, jeung téhnik 5W + 1H ngagunakeun instrumén nu geus disiapkeun.

Sajalan jeung uraian di luhur, nudijakeun sasran panalungtika nya éta bahan-bahan tinulis mangrupa éséy nu ditulis ku siswa SMP kelas VIII. Tina klasifikasi ieu panulis meunang sakumpulan sumber data nu satuluyna dianalisis. Ku sabab kitu, métode dina panalungtika ieu dituluykeun ku penafsiran analitis kana déskripsi data panalungtikan pikeun meunang hiji déskripsi nu leuwih jero.

Dumasar kana pedaran-pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén dina panalungtikan ieu panalungtik ngalakukeun pangamatan kana éséy nu ditulis ku siswa dina struktur, karakteristik, aspék kabahasaan, jeung téhnik 5W + 1H.

### 3.2.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha (prosedur) nu kudu dilaksanakeun dumasar kana hiji métode, supaya tujuan dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

#### 1. Téhnik ngumpulkeun data

##### 1) Téhnik tés

Téhnik tés dilakukeun ku cara siswa nyieun éséy anu témana geus ditangtukeun. Sanggeus kitu hasil karangan siswa dianalisis tur hasilna mangrupa angka anu mangrupa data panalungtikan.

##### 2) Observasi

Observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu dilakukeun sacara sistematis sarta ngagunakeun prosedur nu geus standar.

#### 2. Téhnik ngolah data

##### 1) Mariksa jeung milih data

##### 2) Milah data dumasar kana hasil tés

##### 3) Ngalaporkeun kabéh data dina wangun tabel

##### 4) Dina nganalisis ngagunakeun analisis statistik data

## 3.2. Populasi jeung Sampel

### 3.2.1. Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék nu baris ditalungtuk (Arikunto, 1998: 115). Populasi dina ieu panalungtikan nya éta éséy meunang murid kelas VIII di SMPN 15 Bandung taun ajaran 2006/2007 nu jumlahna aya dalapan kelas.

### 3.2.2. Sampel

Tina populasi di luhur, pikeun nangtukeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta maké téhnik random sampel, nya éta téhnik nangtukeun sampel sacara acak (Arikunto, 1997: 127-128).

Ku sabab jumlah kelas VIII aya lima kelas, mangka panalungtik milih sakelas (20% tina populasi) nu jumlahna 40 pikeun dijadikeun sampel. Sabada dikoclok tur nu kaluarna kelas VIIIA, mangka nu jadi sampel tina ieu panalungtikan nya éta kelas VIIIA.

### 3.3. Cara Meunteun Éséy

Meunteun mangrupa kagiatan nu dilaksanakeun ku pihak-pihak nu tangtu, aya sababaraha kagiatan dina meunteun. Salah sahijina nya éta meunteun dina raraga kagiatan diajar di kelas. Dina hal ieu nu ngalaksanakeunana nya éta guru. Ku kituna, salian ti pancén ngajar jeung ngatik, guru ngabogaan pancén salaku évaluator.

Dina raraga meunteun, guru kudu nyangking pangaweruh jeung kaparigelan, saperti weruh kana prinsip-prinsip évaluasi nya éta kontinyu, nyoko kana tujuan, saimbang tur objéktif. Guru kudu weruh kana prosés évaluasi, nyoko kana téhnik jeung évaluasi, pareigel dina nyusun soal, bisa ngolah skor, jeung bisa ngagunakeun évaluasi pikeun kapentingan atikan.

Dina pangajaran nulis, nulis éséy mangrupa kaparigelan produktif tinulis, hartina kaparigelan makéna basa hiji jalma anu hasilna mangrupa tulisan éséy anu ngébréhkeun pikiran, pangrasa, jeung kahayang kana wangun tinulis.

Ujian nulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis. Sasaran ujianna nya éta tulisan.

Ujian nulis bisa dilakukeun ngaliwatan dua cara nya éta.

1. Ujian nulis parsial/analitis

Ujian nulis parsial ditujukeun pikeun ngukur kamampuh ngagunakeun unsur karangan saperti: struktur basa, diksi, éjahan, jeung paragraf.

Dina ujian ieu, anu disanghareupan guru lain hiji karangan, tapi unsur-unsur salah sahiji komponén karangan, utamana komponén basa. Jadi, sabenerna ieu mah ngan saukur ujian struktur basa, kabengaharan basa jeung saterusna.

Ujian ieu disebut ogé ujian nulis wangun objéktif.

2. Ujian nulis totalitas/integratif

Ujian nulis totalita/integratif ditujukeun pikeun ngukur kaparigelan nulis sacara gembleng. Anu disanghareupan ku guru bener-bener hiji tulisan/karangan, sok sanajan dina praktékna pikeun ngaronjatkeun katalitian, guru tetep merhatikeun komponén-komponén karangan. Unggal komponén dibéré skor/angka, nu satuluyna angka ieu digabungkeun pikeun nangtukeun skor tulisan/karangan.

Panalungtikan ieu ngagunakeun sisten integratif. Carana nya éta ku jalan meunteun komponén basa, eusi jeung téhnik nulis, sarta satuluyna skor unggal komponén dijumlahkeun. Ujian nulis integratif bisa ngagunakeun instrumén tés nulis nu mangrupa.

## 1. Lembar soal

Dina lembaran soal, eusina pituduh jeung katangtuan nulis éséy,

**TÉS NULIS ÉSÉY**

Jieun éséy anu katangtuanana saperti ieu di handap:


1. Warna tulisan: Éséy

2. Pilih salah sahiji topik/jejer ieu di handap:

1) Kabersihan



2) Kasehatan



3) Kaamanan



4) Téknologi



5) Pendidikan



4) Panjangna minimal 4 paragraf maksimal 5 paragraf.

5) Komponén anu dipeunteun:

- a. basa
- b. eusi éséy
- c. paragraf
- d. éjahan

waktu: 40 menit

2. Lembar karangan éséy

Lembar karangan éséy disadiakeun pikeun nulis éséy nu mangrupa keretas kosong. Lembar karangan éséy saperti kieu:

Wasta:

Kelas:

“judul”

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

### 3. Padoman nyusun soal ujian nulis

Padoman meunteun karangan naggunakeun kritéria unggal komponén.

Padoman ieu dijieun dina wangun skala penilaian (*rating skala*).

Ieu dihandap baris diébréhkeun padoman meunteun karangan dina wangun éséy, dumasar kana Kurikulum Muatan Lokal Basa jeung Sastra Sunda taun 2004

**Tabél 3.1**

#### **Padoman Meunteun Karangan**

| <b>Sasaran</b>  | <b>Aspék</b>   | <b>Kritéria</b>   | <b>Skala Penilaian</b> |
|-----------------|--|---|------------------------|
| Basa Karangan   | - pilihan kecap<br>- éjahan  | - ketepatan   | 3                      |
|                 |  | - nuliskeun aksara<br>- nuliskeun kecap<br>- tanda baca | 3                      |
| Eusi karangan   | - patalina eusi jeung judul<br>- patali eusi jeung warna tulisan<br>- mekarkeun eusi | - bener jeung cocog                                     | 3                      |
|                 |  | - merenah   | 3                      |
|                 |  | - lengkep jeung hadé                                    | 3                      |
| Téhnik karangan | - susunan karangan<br>- paragraf   | - lengkep   | 2                      |
|                 |  | - loyong  | 3                      |
| <b>Jumlah</b>   |  |   | <b>20</b>              |

Masing-masing komponén mibanda kritéria jeung bobot peunteun, saperti anu di déskripsikeun saperti ieu di handap.

#### 1) Basa karangan

##### a. aspék pilihan kecap/diksi

Peunteun 3 = kecap-kecap anu digunakeun merenah, cocog, luyu jeung ékonomis.



Peunteun 2 = aya sababaraha kecap anu kurang merenah, kerang ékonomis, sarata aya nu kurang cocog, sok sanajan geus luyu jeung karangan.

Peunteun 1 = pilihan kecap loba nu teu merenah, pabaliut, teu luyu jeung tulisan sarta teu ékonomis.

**b. Aspék éjahan**

Peunteun 3 = henteu aya kasalahan dina nuliskeun éjahan.

Peunteun 2 = aya sawatara kasalahan éjahan (1-10).

Peunteun 1 = loba pisa kasalahan éjahan (leuwui ti 10).

**2) Eusi karangan**

**a. Aspék patali eusi jeung judul**

Peunteun 3 = sakabeh eusi bener-bener saluyu jeung judul.

Peunteun 2 = aya sabagéan nu kurang cocok sarta teu perlu diasupkeun kana karangan

Peunteun 1 = sawatara eusi karangan/éséy heunteu aya patalina jeung judul (dina jumlah nu leuwih loba)

**b. Aspék patali eusi jeung warna tulisan**

Peunteun 3 = sakabéh eusi bener-bener saluyu jeung warna tulisan anu diperedih

Peunteun 2 = aya bagéan-bagéan anu kurang cocog jeung warna tulisan

Peunteun 1 = eusi teu cocog jeung warna tulisan

c. Aspék mekarkeun eusi.

Peunteun 3 = eusi karangan/éséy bener-bener mundel, runtuyan karangan hadé, jeung asup akal.

Peunteun 2 = eusi karangan/éséy karasa kurang pas atawa kurang lengkep pedaranna, runtuyan kurang merenah tapi asup kénéh akal.

Peunteun 1 = eusi karangan karasa cawérang, kurang asup akal, jeung runtuyan kagiatan pabaliut (teu nyugemakeun).

3) Téhnik karangan

a. Susunan tulisan.

Peunteun 2 = tulisan ditata rapih jeung runtuyan hadé.

Peunteun 1 = susunanana kurang hadé jeung teu rapih.

b. Kasaluyuan jeung sarat paragraf.

Peunteun 3 = tulisan bener-bener luyu jeung sarat paragraf. Unggal paragraf disusun ku kalimah-kalimah nu museur kana hiji idé poko sarta hubungan antar kalimah kompak.

Peunteun 2 = sok sanajan loba nu teu pas sarta hubungan antar kalimah kurang kompak, tapi masih cukup museur kana idé poko.

Peunteun 1 = hubungan antar kalimah pabaliut jeung teu museur kana idé poko (paragarap cawérang).

Pikeun meunteun karangan siswa, digunakeun padoman meunteun saperti kaugél dina tabél 3. 1. dumasar kana éta padoman, peunteu maksimal karangan/éséy siswa nya éta 20. peunteun anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah maké rumus saperti ieu di halaman satuluyna.

$$skor\ atah = \frac{skor\ siswa}{skor\ maksimal\ karangan} \times 100\ %$$

Pikeun meunteun ahir, maké pamarekan acuan patokan (PAP) 100%, saperti ieu di handap.

$$peunteun = \frac{skor\ atah}{skor\ ideal} \times 100\ %$$

Contona: K1 meunang peunteun 16, tuluy dirobah jadi skor atah.

$$\begin{aligned} skor\ atah &= \frac{16}{20} \times 100\ % \\ &= 80 \end{aligned}$$

Jadi, skor atah K1 nya éta 80.

Pikeun meunteun ahir, maké pamarekan acuan patokan (PAP) 100% di handap.

$$skor\ atah = \frac{skor\ nu\ kahontal}{skor\ ideal} \times 100\ %$$

Siswa geus mampu milih kecap, ngalarapkeun éjahan, medar eusi karangan/éséy, nyusun karangan/éséy kalawan rapih, jeung nyusun paragraf, lamun skor atahna sakurang-kurangna meunang 60. ku kituna, siswa nu skorna kurang ti 60 dianggap can mampu nulis éséy

### 3.4. Léngkah-léngkah Garapan

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah, nya éta: (1) tahap tatahar, (2) tahap ngumpulkeun data, (3) tahap ngolah data, jeung (4) tahap nyusun laporan.

### **1. Tahap Tatahar**

- 1) Nangtukeun topik.
- 2) Ngarumuskeun kasang tukang jeung ngawatesanan masalah.
- 3) Ngarumuskeun tujuan panalungtikan sarata hasil nu hayang kahontal.
- 4) Ngarumuskeun angapan dasar jeung tiori nu digunakeun.
- 5) Nangtukeun métode jeung téhnik panalungtikan.

### **2. Tahap Ngumpulkeun Data**

- 1) Nangtukeun jadwal observasi.
- 2) Ngayakeun observasi ka Sakola hususna kelas VIII.
- 3) Nangtukeun kriteria jeung bobot peunteun éséy.
- 4) Ngayakeun tés nulis éséy.

### **3. Tahap Ngolah Data**

- 1) Mariksa jeung milih data anu kakumpulkeun.
- 2) Milah data dumasar kana hasil tés.
- 3) Ngalaporkeun kabeh data dina bentuk tabel.
- 4) Dina nganalisis ngagunakeun analisis statistik data.

### **4. Tahap Nyusun Laporan**

Tahap ieu mangrupa tahap pamungkas sanggeus sakabeh data diolah jeung dianalisis, terus nyusun laporan nu mangrupa skripsi.

